

Chè Paran / Responsab Legal Jane Doe,

Komite pou Edikasyon Espesyal (Committee on Special Education, CSE) la idantifye Jane kòm elijib pou patisipe nan Evalyasyon Altènatif Eta New York la (New York State Alternate Assessment, NYSAA). Yo sèvi ak Kat Aprantisaj Dinamik (Evalyasyon Altènatif DLM) pou evalye lang ak literati anglè (English Language Art, ELA), matematik ak syans. DLM NYSAA a se yon evalyasyon adaptif yo bay sou òdinatè ki mezire konesans elèv yo sou Eleman Esansyèl yo. Eleman Esansyèl yo se estanda reyisit altènatif yo ki redwi nan pwofondè ak lajè apati estanda aprantisaj yo.

Rapò sa a montre rezilta pou Jane ki ka itilize pou ede ou konprann reyisit Jane parapò ak estanda reyisit altènatif Eta a. Ou ka aprann plis sou reyisit Jane lè ou revize travay nan salklas li, lòt evalyasyon ki baze sou estanda yo, ak rapò sou pwogrè pandan ane a. Kesyon adisyonèl sou reyisit Jane kapab abòde lè ou etabli yon patenarya solid ak pwofesè Jane yo ak lè ou patisipe aktivman nan konferans paran-pwofesè ak reyinyon CSE yo.

KORE REYISIT JANE



Pale ak CSE a sou pwogram lekòl ak kourikoulòm Jane.



Rankontre avèk pwofesè Jane lan pou diskite sou fason yo kapab konsevwa enstriksyon yo espesyalman baze sou bezwen inik Jane yo epi aliye ak konesans, konpetans ak konpreyansyon espesifik, ki gen rapò ak chak nivo pèfòmans.


Vizite <http://www.p12.nysed.gov/assessment/nysaa/> pou enfòmasyon sou NYSAA.

Vizite www.engageny.org/parent-and-family-resources pou plis enfòmasyon sou tès sa a, estanda aprantisaj Eta New York yo, ak fason ou ka ede Jane reyisi.

TRADIKSYON



www.engageny.org/translate



KISA NIVO PÈFÒMANS VLE DI?

Pou ede dekri degre jiska ki pwen Jane satisfè estanda aprantisaj Reyisit Altènatif yo, edikatè yo te byen egzamine Eleman Esansyèl yo epi yo te kreye kat (4) nivo reyisit, ke yo konnen kòm “nivo pèfòmans”. Yo detèmine yon nivo pèfòmans ak yon konbinezon fason Jane te byen fè yon travay ak fason travay la te difisil.

ZÒN KONSEPTYÈL YO

Zòn Konseptyèl yo se kategori konesans yo teste andedan zòn kontni sa a. Seksyon ki anba a montre kantite konpetans yo te teste andedan chak Zòn Konseptyèl ak konbyen nan konpetans sa yo Jane te metrize. Plis enfòmasyon sou konpetans yo andedan chak Zòn Konseptyèl disponib nan <http://www.p12.nysed.gov/assessment/nysaa/>.

KONPETANS JANE TE METRIZE

